

Koute ak Aji Byen Vit ta ka sove lavi l



Kijan Ou Kapab Ede?

Si yon fanm ki ansent oswa ki fèk ansent fè konnen enkyetid pou nenpòt sentòm li genyen, pran tan pou Koute Li. Koute ak aji byen vit ta ka ede sove lavi l.

- Aprann siy avètisman ijan kay manman yo.
- Koute enkyetid li yo.
- Ankouraje l chèche swen medikal. Si li santi yon bagay pa bon, li dwe kontakte founisè swen li. Si li santi sentòm avètisman ijan pou manman, li dwe jwenn swen medikal touswit. Asire ke li di li ansent oswa li te ansent nan ane pase.
- Ofri pou ou ale avèk li pou jwenn swen medikal epi ede l poze kesyon.
- Pran nòt epi ede l pale ak yon founisè swen sante pou li jwenn sipò li bezwen an.
- Sipòte li pandan swen swivi yo.

Siy Avètisman Ijan kay Manman yo

Si yon moun ki ansent oswa ki te ansent ane pase gen nenpòt nan sentòm sa yo, li dwe jwenn swen medikal touswit.

- Maltèt grav ki pa vle pase oswa ki vin pi mal oframezi
- Vètij oswa endispozisyon
- Panse pou fè tèt ou mal oswa tibebe ou an
- Chanjman nan vizyon ou
- Lafyèv 100.4 °F oswa pi wo
- Anflamasyon estrèm nan men ou oswa nan figi ou
- Pwoblèm pou respire
- Doule nan pwatrin oswa batman kè rapid
- Kèplen grav ak vomisman (*pa menmjan ak kèplen lè w fèk ansent*)
- Doule grav nan vant ki pa vle pase
- Mouvman tibebe a k ap sispann oswa k ap ralanti pandan gwosès la
- Senyen nan vajen oswa likid k ap koule pandan gwosès la
- Gwo senyen nan vajen oswa ekoulman likid ki gen move sant apre gwosès la
- Anfleman, woujè oswa doule nan janm ou
- Fatig akablan

Bi lis sa a se pa pou kouvri tout sentòm yon fanm ta ka santi pandan gwosès la oswa apre. Aprann plis sou siy avètisman ijan kay manman yo nan [cdc.gov/HearHer](http://www.cdc.gov/HearHer)

Koute Li

Konplikasyon gwosès yo ka rive jiska yon ane apre nesans lan. Si moun pwòch ou an fè konnen li santi yon bagay pa bon, soutni l pou l jwenn swen ak repons li gendwa bezwen yo. Aprann siy avètisman ijan ki bezwen swen medikal touswit. Men kèk pwèn diskisyon pou ede pou konvèsasyon an:

Pandan Gwosès

- Avèk tout bagay k ap chanje kounye a, li difisil pou di kisa ki nòmal. Li pi bon pou verifye si gen nenpòt bagay ki enkyete ou.
- Li enpòtan pou nou pataje enfòmasyon sa yo avèk doktè ou epi asire tout bagay anfòm.
- Mwen la pou ou. Ann pale avèk yon founisè swen sante pou jwenn swen ou bezwen yo.

Apre Gwosès

- Li nòmal pou ou santi ou fatigue ak pou ou gen kèk ti doule apre ou fin akouche, men ou konnen kò ou pi byen. Si yon bagay ap enkyete ou, ou dwe pale avèk doktè ou.
- Menmsi nouvo tibebe ou an bezwen anpil atansyon ak swen, li enpòtan tou pou ou pran swen tèt ou.
- Ou pa poukont ou. M ap koute ou. Ann pale avèk yon founisè swen sante pou jwenn swen ou bezwen yo.



Si ou bezwen sipò anplis, ou pa dwe pè mande èd, nonplis.
Aprann plis sou Kanpay Koute Li CDC a nan www.cdc.gov/HearHer

